ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय
कामेश्वरनगर, दरभंगा

पी.एच.डी उपाधि हेतु प्रस्तुत

<u>शोध प्रारूप</u>

विषय : महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक नाटकक तुलनात्मक अध्ययन

शोधार्थी: शिवम कुमार झा
विषय: मैथिली
संकाय: मानविकी
विश्वविद्यालय : ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय, दरभंगा

शोध - निर्देशक

Ragini Ranjan 05/04/24
(डॉ . रागिनी रंजन)
सहायक प्राचार्य एवं अध्यक्ष, मैथिली विभाग
चंद्रधारी मिथिला महाविद्यालय ,दरभंगा

शोधार्थी:

Shivam Kumar Jha
(शिवम कुमार झा)
यू ०जी ० सी ० नेट - जे ०आर ०एफ
BR0605202579,
पैट रौल नं - E2211014
ग्राम+पो- मॉऊबेहट, थाना-मनिगाछी,
जिला दरभंगा ,बिहार- 847423

प्रस्तावना

नाटककें पंचम वेद कहल गेल अछि आ एकर उत्पति आ विकासक सिद्धांत आ विचार विद्वान सब द्वारा प्रस्तुत कएल गेल अछि । नाटक संप्रेषणियताक सहज आ स्वाभाविक माध्यम अछि । एकर जनवादी पक्ष सदिखन सदैव महत्वपूर्ण रहल अछि ।

महेन्द्र मलंगिया आ अरविन्द अक्कू आधुनिक मैथिली साहित्यक मूर्धन्य हस्ताक्षर छथि आ विभिन्न विधामे अपन लेखन कयलाक उपरान्तो मूलतः ई दुनू रचनाकार स्वयंकें मैथिली साहित्यमे नाटककारक रूपमे स्थापित कयलनि ।

महेन्द्र मलंगियाक जन्म 20 जनवरी 1946 ई० कैं मधुबनी जिलाक मलंगिया गाममे भेल छलनि हिनक मूल नाम महेंद्र झा छलनि । आ एहि नामसँ दू गोट रचना सेहो कयने छथि । अद्यावधि ई चौदह गोट पूर्णांकी नाटकक रचना कयने छथि संगहि ई प्रायः दू दर्जन एकांकी सेहो लिखने छथि।

अरविंद अक्कूक जन्म 19 जुलाई 1957 ई० के मधुबनी जिलाक इसहपुर गाममे भेल छलनि। हिनक एखन धरि 20 गोट पूर्णांकी संग संग 2 गोट गीत संग्रह आ 1 गोट कथा संग्रह प्रकाशित अछि ।

एहि दुनू नाटककारक विषय वस्तुमे मानवीय संवेदनाक विभिन्न रूप, सामाजिक असंतोष, पाखण्ड, जाति, शोषण आ वर्ण व्यवस्था विपन्न अवस्था एवं

Shivam kumar Oza
05.04.24

एहि सभक मध्य घेरायल, बन्हायल, ओझरायल आम जनक सजीव चित्रण सोझाँ अबैत अछि ।

हिनका दुनूक नाट्य साहित्यमे अनेक स्थल पर समानता ओ विषमता कथावस्तुक स्तर पर, पात्रक स्तरपर, विचारधाराक स्तरपर भाषा-शैलीक स्तरपर भेटैत अछि। एहि शोध-प्रबंधमे महेन्द्र मलंगिया आ अरविन्द अक्कूक मैथिली नाट्य साहित्यमे देल गेल हुनक योगदानक विस्तृत रूपैं तुलनात्मक विवेचन, विश्लेषण प्रस्तुत कयल जायत।

शोध विषय चयन

शोध कार्य लेल कोनो विषय चयन कालमे किछु नहि किछु उद्देश्य जरूर होयत अछि। मैथिली साहित्यक नाटक एहन समृद्ध विधामे चयनित नाटककारक नाटक पढ़िकऽ आओर रूचि शनैः - शनैः विकसित भेल गेल। महेन्द्र मंलगिया, अरविंद 'अक्कू'क सम्पूर्ण नाट्य कृतिक समूचित तुलनात्मक मूल्यांकन प्रत्यक्ष आ अप्रत्यक्ष रूपैं शोध प्रबंधमे स्थापित करब हमर उद्देश्य रहत। एहि शोधसँ पाठक लोकनिकेँ एहि दुनू नाट्य विभूतिक नाट्य साहित्य सँ नव दृष्टि प्राप्त हेतनि।

एहि कारण हम उपरोक्त विषय पर शोध करबाक निर्णय लेलहुँ। हमर मूल शोध प्रबंधमे विस्तारसँ चर्चा रहत।

Shivam Kumar Jha
05.04.24

शोध कार्यक महत्व

महेन्द्र मलंगिया आ अरविन्द 'अक्कू' मैथिली नाट्य साहित्यमे समाजक अनेक समस्याक चित्रण कएलनि अछि। दुनू मूर्धन्य नाटककार अपन रचनामे मानवीय पक्ष, समाजिक पक्ष, आर्थिक पक्ष आ ताहिलेल संघर्ष आओर न्यायकें सोझा अनलनि। दुनू नाटककारक नाट्य शिल्प - शैली आदि विशिष्ट अछि। जे रचनाकारक सृजन कर्मक गम्भीरताकें द्योतित करैत अछि । दुनू नाटककारक नाट्य कृतिक तुलनात्मक पक्षकें जगजियार करैत हुनक नाटकक मूल स्वरक विस्तारसँ चर्चा हमर मूल शोध - प्रबंधमे कएल जायत।

पूर्वमे कयल गेल शोध विषयक कार्य

अपन अधिकतम जानकारीमे उपलब्ध जाहि स्रोत तक हम पहुँच सकल छी तकर विवरण निम्नलिखित अछि:-

1. मैथिली नाट्य साहित्यमे महेन्द्र मलंगियाक योगदान : एक विश्लेषणात्मक अध्ययन

   डॉ सत्येंद्र कुमार झा (शोध-निर्देशक - उषा चौधरी)-2014, ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय।

2. अरविंद अक्कूक नाट्यशिल्पक समलोचनात्मक अध्ययन -

   प्रमोद कुमार (शोध निर्देशक प्रमोद कुमार) 2023 ,तिलका मांझी विश्वविद्यालय, भागलपुर।

Shivam Kumar Jha
05.04.24

एखन जे शोध कार्य चलि रहल अछि

1. सुधांशु शेखर चौधरी आ महेंद्र मलंगियाक नाटकक तुलनात्मक अध्यन - मोहन मुरारी, शोध निर्देशक -सत्येंद्र कुमार झा, ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय।
2. डॉ अरविन्द अक्कू रचित नाटकक विश्लेषणात्मक अध्धयन -प्रकाश कुमार झा ,शोध निर्देशक - हीरा मंडल, पटना विश्वविद्यालय।

हमरा जनैत ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय आ अन्य विश्वविद्यालयमे महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक नाटकक तुलनात्मक अध्ययन पर शोध कार्य नहि भेल अछि। हमर मूल शोध प्रबंधमे एहि विषय पर विस्तारसँ चर्चा कएल जायत ।

शोध प्रविधि

1. व्याख्यात्मक प्रविधि

2. विवेचनात्मक प्रविधि

3. विश्लेषणात्मक प्रविधि

4. तुलनात्मक प्रविधि

Shiram Kumar Jha
05.04.24

शोध विषयक संभावित अध्याय विभाजन

पहिल अध्याय : मैथिली नाटकक उद्भव आ विकास

दोसर अध्याय : महेंद्र मलंगिया आ अक्कूक कृतित्व आ व्यक्तित्व

तेसर अध्याय : महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक नाट्यकृतिक कथावस्तुक तुलनात्मक अध्ययन

चारिम अध्याय : महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक नाट्य पात्रक तुलनात्मक अध्ययन

पांचम अध्याय : महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक नाट्य रसक तुलनात्मक अध्ययन

छठम अध्याय : महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक नाटकक विचारधारक तुलनात्मक अध्ययन

सातम अध्याय : महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक नाटकक सामाजिक सरोकारक तुलनात्मक अध्ययन

आठम अध्याय : महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक नाट्य गीतक तुलनात्मक अध्ययन

परिशिष्ट

(क) उपसंहार

(ख) अधीत ग्रंथ सूची

Shivam Kumar Jha
05.04.24

पहिल अध्याय :-

मैथिली नाटकक उद्भव आ विकास :-

मैथिली नाट्य परम्पराक आरम्भ कविशेखराचार्य ज्योतिरीश्वर ठाकुर मैथिली नाटक धूर्तसमागमसँ स्थापित होयत अछि । विद्यापतिक गोरक्षविजय मैथिली नाटककेँ गति प्रदान कयलक । आ ई कीर्तनियाँ नाटक कहाओल ।उषाहरण,पारिजातहरण, रुक्मिणीहरण आ गौरी स्वयंवर सन कतेको कीर्तनियाँ नाटक एहि कालक विशिष्ट सम्पति थिक। एहि कालमे मिथिलासँ बाहर नेपाल आ असममे सेहो अनेक मैथिली नाटकक प्रणयन भेल असामक नाटक अंकिया नाट कहाओल आ नेपालक गीति नाट्य ।

आधुनिक मैथिली नाटकक आरंभ 1904 ई० मे कविवर जीवन झाक सुन्दर संयोगसँ होएत अछि । तकर बादसँ अद्यावधि एकसँ बढ़ि क' एक नाटकक रचना भेल अछि । एहि विषय पर विस्तारसँ चर्चा हमर मूल शोध प्रबंधमे रहत।

दोसर अध्याय

महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक कृतित्व आ व्यक्तित्व

महेंद्र मलंगिया आ अरविन्द अक्कू दुनू मैथिली साहित्यक देदीप्यामान नक्षत्र सदृश छथि आ नव नव भाव भूमि पर हिनक नाट्य कृति सब प्रकाशित

Shiram Kumar Ojha
05.04.24

अछि महेंद्र मलंगियाक लक्ष्मण रेखा खंडित, एक कमल नोरमे, जुआएल कनकनी ,सहित 14 गोट पूर्णांकी आ दू दर्जन एकांकीक रचना कयने छथि। अरविंद अक्कूक रक्त, तालमुट्ठी, गुलाबछड़ी, मीनाक्षी सहित एखन धरि बीस गोट पूर्णांकी क' रचना कयने छथि। हमर मूल शोध प्रबंधमे एहि विषय पर विस्तारसँ चर्चा रहत।

तेसर अध्याय

महेंद्र मलंगिया आ अरविन्द अक्कूक नाट्यकृतिक कथावस्तुक तुलनात्मक अध्ययन

महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कू विभिन्न नाटकक कथावस्तुक मादे एक एक नाटकक मध्य तुलनात्मक अध्ययन कयल जायत जकर विस्तारसँ चर्चा हमर मूल शोध प्रबंध मे रहत।

चारिम अध्याय

महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक नाट्य कृतिक पात्रक तुलनात्मक विश्लेषण

नाटकक कथावस्तु पात्र पर निर्भर करैत अछि पात्र जतेक सजीव आ सशक्त होयत नाटक ओतबे सफल होयत। महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कू दूनू मैथिली साहित्यक सफल नाटककार छथि, तें हिनका दुनुक नायकक पात्र

Shivam Kumar Jha
05.04.24

सेहो सजीव आ सशक्त अछि । हमर मूल शोध प्रबंधक एहि अध्यायमे दुनु नाटककारक विभिन्न नाटक सभमे जे पात्र अयलाह अछि हुनक चरित्र आ कार्यव्यापारक तुलनात्मक अध्यन कएल जायत।

पाँचम अध्याय

महेन्द्र मलंगिया आ अरविन्द अक्कूक नाट्य कृतिक रसक तुलनात्मक अध्ययन

नाट्यशास्त्रमे मूल तत्वक रूपमे रसक गणना कएल जायत अछि नाट्यशास्त्रमे रसक अभिप्राय होयत अछि । नाट्य सौंदर्य, नाट्य स्वाद एवं नाट्य आनंद। महेंद्र मलंगिया आ अरविन्द अक्कूक नाटकक मध्य विभिन्न रसक संचार होयत अछि । हमर मूल शोध प्रबंधमे नाटककारक विभिन्न नाटक मध्य निहित होयत विभिन्न रसक तुलनात्मक अध्ययन कएल जायत जे हिनक दुनूक रसक सौष्ठव्यताकें प्रमाणित करत।

छठम अध्याय

महेंद्र मलंगिया आ अरविन्द अक्कूक नाटकक विचारधाराक तुलनात्मक अध्ययन

साहित्यक कोनो विधाक अपन विचारधारा होइत छैक जे पात्र सभ परिस्थिति द्वारा संप्रेषित होइत अछि। ई विचारधारा अनेक प्रकारक होइत

Shiram Kumar Ota
05.04.24

अछि। सांस्कृतिक विचारधारा, धार्मिक विचारधारा, राजनैतिक विचारधारा आ सामाजिक विचारधारा। महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक विभिन्न नाटकमे निहित विचारधारा सभकें सम्यक अध्ययन करैत तुलनात्मक रूपसँ विशेष अध्ययन मूल शोध प्रबंधमे रहत।

सातम अध्याय

महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक नाटकक सामाजिक सरोकारक तुलनात्मक अध्ययन

प्रत्येक रचनाकारक कृति अंततः समाज लेल होय छै आ ताहि सामाजिक संदर्भक परिपेक्ष्य मे ओकर मूल्यांकन करब अनिवार्य होय छै,हमर शोध क्रम मे आयल महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक नाटक मे निहित सामाजिक सरोकार आ सामाजिक यथार्थ सम्यक विवेचन हमर मूल शोध प्रबंध मे रहत ।

आठम अध्याय

महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक नाट्य गीतक तुलनात्मक अध्ययन

नाटक मे गीतक परंपरा शुरू सँ रहल अछि, जेकर निर्वहन आधुनिक कालक नाटककार सेहो करैत रहलाह अछि। महेंद्र मलंगीया आ अरविंद अक्कूक नाटक सब मे गीत सेहो अछि, एही शीर्षक अंतर्गत हम हुनक नाटक मे समाहित

Shivam Kumar Jha
05.04.24

गीत सभक अध्ययन करब होयत।हमर मूल शोध प्रबंध मे विस्तार सँ सम्यक विवेचन प्रस्तुत करब ।

प्रस्तावित अध्याय विभाजनमे शोध-प्रबन्ध तैयार करबाक क्रममे आवश्यक परिवर्तन सम्भावित अछि।

परिशिष्ट

(क) उपसंहार

उपसंहारक अंतर्गत हमर शोध कार्यसँ जे निष्कर्ष बहरायत तकर संक्षिप्त विवरण प्रस्तुत करब आ एहिसँ महेंद्र मलंगिया आ अरविंद अक्कूक नाट्य साहित्यक तुलनात्मक विवरण रेखांकित होयत ।

(ख)अधीत ग्रंथ सूची

एहि शोध - प्रबंध कें तैयार करबामे उपयोगी आ सहयोगी बनल विभिन्न पोथी ओ शोध प्रबंधक सूचना देल जाएत ।

सन्दर्भ ग्रंथ सूची

मैथिली साहित्यक इतिहास - झा, डॉ श्री दुर्गानाथ श्रीश, भारती पुस्तक केंद्र दरभंगा, 1991

Shriram Kumar Jha
05.04.24

आधुनिक मैथिली नाटकक वैशिष्ट्य ओ विकास - झा, डॉ श्री शंकर, मिथिला रिसर्च सोसाइटी, लहेरियासराय, 2007

मैथिली नाटकक परिचय-सिंह, डॉ प्रेमशंकर, मैथिली अकादमी, पटना -1981

काठक लोक- मलंगिया, महेन्द्र, मिनाप प्रकाशन, जनकपुरधाम,1992

छुतहा घैल- मलंगिया, महेन्द्र, मैलोरंग, दिल्ली, 2010

ओरिजनल काम- मलंगिया, महेन्द्र, ललित प्रकाशन मलंगिया मधुबनी,2000

जुआएल कनकनी - मलंगिया, महेन्द्र, गंगा प्रकाशन,लोहना जनकपुरधाम,1972

लक्ष्मण रेखा : खण्डित- मलंगिया, महेन्द्र, श्री उपेन्द्र झा प्रकाशन , मलंगिया मधुबनी 1970

ओकरा आँगनक बारहमासा- मलंगिया, महेन्द्र, चेतना समिति, पटना, 1980

गाम नई सुतैए - मलंगिया, महेन्द्र, ललित प्रकाशन, मलंगिया, मधुबनी, 1983

एक कमल नोरमे - मलंगिया, महेन्द्र, बभनगामा लोहना 1971

आगि धधकि रहल अछि- अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना 1981

ताल मुट्ठी -अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना,1982

पातक मनुक्ख - दुर्गा नाट्यकला परिषद ,इसहपुर मधुबनी, 1984

एना कतेक दिन - अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना,1985

अंहार जंगल - अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना,1986

आतंक - अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना , 1988

Shivam Kumar Jha
05.04.24

रक्त - अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना , 1990

के ककर - अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना ,1996

वाह रे हम वाह रे हमर नाटक -अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना ,1997

पढ़ुआ कक्का एलाह गाम- अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना,1997

गुलाबछड़ी - अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना,1998

राज्याभिषेक- अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना , 2003

अलख निरंजन - अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना,2008

तेसर घर - अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना ,2010

झिझिर कोना - अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना , 2011

फूटानी चौक - अक्कू, डा० अरविंद,नवारंभ प्रकाशन मधुबनी/पटना , 2017

बटुआ वाली मैयाँ-अक्कू, डा० अरविंद,चेतना समिति पटना , 2019

मीनाक्षी- अक्कू, डा० अरविंद,नवारंभ प्रकाशन मधुबनी/पटना,2020

धूर्त समागम - अक्कू, डा० अरविंद,नवारंभ प्रकाशन मधुबनी/पटना,2020

कमला मे भासियाइत सीता-अक्कू, डा० अरविंद,अनुप्रास प्रकाशन (मिथिला), 2022

Shivam Kumar Jha 05.04.24
शोधार्थीक हस्ताक्षर

Ragini Ranjan 05.04.24
शोध-निर्देशकक हस्ताक्षर